**दिन–सोमवार** **दिनांक–03.06.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

लोकसभा चुनावक काल्हि होयबला मतगणनाक सभ तैयारी पूरा कऽ लेल गेल अछि। बिहारक मुख्य निर्वाचन पदाधिकारी एच.आर. श्रीनिवास जनौलनि जे राज्यक चालीस सीट लेल भोर आठ बेज सँ भोट गानल जायत। काल्हि सेहो भोजपुर जिलाक अगिआंव विधानसभा उपचुनावक मतगणना होयत। ओ जनौलनि जे अरवल, शिवहर, सहरसा, शेखपुरा आओर लखीसराय के छोड़ि कऽ सभ जिला मुख्यालय मे मतगणना केन्द्र बनाओल गेल अछि। मुख्य निर्वाचन पदाधिकारी जनौलनि जे पहिने पोस्टल वैलेट गानल जायत आओर एकर बाद ईवीएमक मत गानल जायत। ओ जनौलनि जे सभ कांउटिंग सेन्टर पर विधानसभावार टेबुलक व्यवस्था कयल गेल अछि। हरेक विधानसभा क्षेत्र लेल चौदह–चौदह टेबुल होयत।

---

पटना साहिब संसदीय क्षेत्र मे सभ सँ बेसी बत्तीस राउंडक गिनती होयत। ओतहि, शिवहर आओर किशनगंज संसदीय क्षेत्र मे सभ सँ कम एकैस राउंड गिनती चलत। एक राउंडक गिनती मे दस मीनट समय लागत। मुख्य निर्वाचन पदाधिकारी जनौलनि जे मतगणना के लऽकऽ एकाबन प्रेक्षक लोकनिक तैनाती कयल गेल अछि। काउंटिंग सेन्टर पर प्रेक्षेक के छोड़ि कऽ किनको मोबाईल फोन नहि राखल देल जायत। पूरा मतगणनाक काज सीसीटीवी कैमरा सँ निगरानी होयत। एम्हर, आइ सभ काउंटिंग सेन्टर पर मतगणनाक पूर्वाभ्यास कयल गेल।

---

हमर संवाददाता सभ जनौलनि अछि जे सभ मतगणना केन्द्र पर त्रिस्तरीय सुरक्षा व्यवस्था मे केन्द्रीय पुलिस बल आओर बिहार पुलिसक जवान के तैनाती कयल गेल अछि। काउंटिंग सेन्टरक लऽग–पास दू सय मीटरक दायरा मे धारा एक सय चौवालीस लागू कयल गेल अछि। संगहि, कोनो उम्मीदवार के विजय जुलूस निकलवाक लेल पहिनेहि जनावय पड़त। सभ केन्द्र पर मीडिया कर्मीक सुविधा लेल फराक सँ मीडिया सेन्टर बनाओल गेल अछि। जतय, हुनका सभ के नव–नव जनतब देल जायत। मतगणनाक रूझान आओर

परिणाम आयोगक बेवसाइट– रिज्लट डॉट ईसीआई डॉट जीओवी डॉट इन आओर वोटर हेल्पलाइन एप पर रहत।

———————————————————————————————

अठारहम लोकसभा चुनाव मे बिहारक चालीस सीट लेल उनचालीस महिला उम्मीदवार सहित चारि सय सनतानवे उम्मीदवार सभक राजनीतिक किस्मतक काल्हि निर्णय होयत। तीन केन्द्रीय मंत्री गिरिराज सिंह, आर.के. सिंह आओर नित्यानंद रायक चुनावी प्रतिष्ठा दाव पर अछि। संगहि, भाजपाक वरिष्ठ नेता रविशंकर प्रसाद, राधामोहन सिंह, रामकृपाल यादव, राजीव प्रताप रूढ़ी, जदयूक वरिष्ठ नेता आओर विधान परिषदक सभापति देवेशचंद्र ठाकुर आओर जदयूक पूर्व अध्यक्ष राजीव रंजन सिंह उर्फ ललन सिंहक चुनावी किस्मतक निर्णय होयत। लोजपा रामविलासक अध्यक्ष चिराग पासवान, राष्ट्रीय लोक मोर्चाक अध्यक्ष उपेन्द्र कुशवाहा आओर हिन्दुस्तानी आवाम मोर्चाक संरक्षक जीतनराम मांझीक राजनीतिक भविष्यक निर्णय काल्हि होयत। इंडी गठबंधन सँ कांग्रेस नेता तारिक अनवर, राजदक मीसा भारती आओर रोहिणी आर्चायक चुनावी प्रतिष्ठा सेहो दाव पर अछि।

———————————————————————————————

मुख्य चुनाव आयुक्त राजीव कुमार जनौलनि जे भारतक लोकसभा चुनाव मे चौसठि करोड़ सँ बेसी मतदाता सभ भाग लऽकऽ विश्व रिकॉर्ड बनौलनि अछि। श्री कुमार आई नव दिल्ली मे संवाददाता सम्मेलन के संबोधित कऽ रहल छलाह। ओ जनौलनि जे ई संख्या सभ जी–7 देश – अमेरिका, ब्रिटेन, फ्रांस, जर्मनी, इटली, जपान आओर कनाडाक मतदाताक संख्याक ड़ेढ गुणा अछि। श्री कुमार जनौलनि जे ई लोकसभा चुनाव मे एकतीस करोड़ सँ बेसी महिला मतदाता सभ भोट खसौलनि जे एक विश्व रिकॉर्ड अछि।

———————————————————————————————

जदयू अध्यक्ष आओर मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ दिल्ली मे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी सँ भेट–घाट कयलनि। भेटल जनतबक अनुसार दुनू नेताक बीच लोकसभा चुनावक परिणाम आओर अगिला सरकार के लऽकऽ चर्चा भेल। श्री कुमार भाजपाक वरिष्ठ नेता आओर केन्द्रीय गृहमंत्री अमित शाह सँ सेहो भेट–घाट कयलाह।

———————————————————————————————

एक पैघ सूचना। आकाशवाणी समाचार पटनाक यू–ट्यूब चैनल आओर ई–मेल हैक भऽ गेल अछि। आकाशवाणी पटनाक समाचार प्रमुख अजय कुमार जनौलनि जे पछिला तीस मई कऽ ई जनतब भेटलाक बाद एहि लेल बिहार अर्थिक अपराध इकाईक साइबर अपराध

प्रकोष्ठ मे आवेदन दऽ कऽ जाँच करबाक लेल जनाओल गेल अछि। श्री कुमार जनौलनि जे ई मामिला मे साइबर पुलिस थाना मे सेहो प्राथमिकी दर्ज कराओल गेल अछि जाहि सँ हैकिंगक पश्चात एकर दुरूपयोग रोकल जा सकय।

———————————————————————————

हवाक रूख मे बदलि भेला सँ प्रदेशक बेसी क्षेत्र मे फेर तापमान बढ़ि गेल अछि। मौसम विभाग जनौलक अछि जे अगिला तीन दिनक बीच तापमान दू सँ चारि डिग्री सेल्सियस बढ़ि सकैत अछि। एम्हर, आइ चालीस दशमलव सात डिग्री सेल्सियस अधिकतम तापमानक संग नवादा राज्यक सभ सँ बेसी गर्म स्थान रहल। विभाग जनौलक अछि जे आइ अररिया आओर किशनगंज जिला मे किछु ठाम हल्लुक वारिश भऽ सकैत अछि। संगहि आनो–आन क्षेत्र मे मौसम शुष्क बनल रहत।

———————————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।